

BAB 1

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar lima hal, nyaéta (1) kasang tukang masalah, (2) idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat panalungtikan, jeung (5) raraga tulisan.

1.1 Kasang Tukang Masalah

Omongan anu dikedalkeun ku hiji jalma tangtuna muncul tina hiji komunikasi. Komunikasi nyaéta proses anu dilakukeun ku hiji jalma nalika rék nepikeun pesen minangka panyatur ka lawan tutur na nyaéta pamiarsa (Sudaryat, 2014, kc.32). Pesen anu katarima ku pamiarsa disebutna amanat, nalika aya hiji omongan amanat anu ditepikeun ku hiji panyatur teu nepi ka pamiarsa tandana aya salah tina komunikasi anu bisa ngabalukarkeun pasalia paham. Kitu deui ti panyaturna kudu bisa méré pesen kalawan bener jeung jéntré sangkan bisa katepikeun kalawan lengkep.

Tina hirup kumbuh manusa sapopoé tangtuna kudu paham kumaha makéna omongan anu bener sangkan bisa komunikasi jeung jalma lian. Panyatur jeung pamiarsa kudu sarua bisa ngawasa basa anu luyu jeung kaédah basana, sangkan komunikasi anu dilakukeun bisa lancar. Nurutkeun Sudaryat (2014, kc. 33), proses komunikasi anu lumangsung bisa maké médium verbal nu ngawengku lisan jeung tulisan tur maké médium non-verbal nu ngawengku isyarah jeung kinésik. Dina lumangsungna komunikasi éta médium téh bisa dipaké boh masing-masing boh babarengan. Ku kituna, penting pikeun nyusun kekecapan nalika rék nepikeun informasi.

Omongan sorangan miboga sipat lisan, tapi aya omongan anu geus dituliskeun nyaéta tulisan. Omongan anu wanguanna jadi tulisan aya nu wujudna téks faksi jeung téks non faksi. Salah sahiji conto tina téks faksi nyaéta novél . Tina novél bisa kapanggih omongan-omongan anu ngukuhan jeung ngarempak kasopanan basa, cara ninggali kasopanan basa tina novél bisa ditilik tina wangun paguneman para tokohna. Salian ti éta ogé diksi atawa pilihan kecap anu dipaké ogé pastina bisa nunjukkeun ciri prinsip kasopanan. Tina unggal paguneman tangtuna kudu boga kasopanan basa anu

merenah tur luyu jeung kaé dah-kadé dah budaya nu aya. Hal ieu kawilang penting ku sabab bisa jadi tolak ukur tina kasopanan basa.

Salah sahiji pangarang Novél anu ngahususkeun dirina nulis carita ngeunaan barudak nyaéta Samsoedi. Tina taun 1933 ngaran Samsoedi meunang hadiah pikeun buku bacaan barudak. Hampir sakabéh karyana anu jadi tokoh utamana nyaéta barudak. Novél anu sipatna fiksi nyaéta hiji bentuk potré réalitas tina wangun basa anu miboga harti. Hal ieu ngabalukarkeun novél bisa dibaca ku sakabéh umur. Hijji novél lain saukur bacaan, lain saukur tulisan, tapi ogé hiji karya sastra novél bisa jadi énergi pikeun ngalakukeun parobahan anu leuwih hadé deui komo hususna barudak. Salah sahiji novél karya Samsoedi, nyaéta *Surat Wasiat*, dijadikeun objék ieu panalungtikan.

Ieu panalungtikan bisa dilaksanakeun lantaran prinsip kasopanan jeung sipat omongan téh bisa kapanggih dina novél , leuwih hususna novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi. Nilik kana eusi novél na anu nunjukkeun hubungan budak jeung jalma anu saluhureunna, bisa kaciri kasopanan basana.

Omongan jeung prinsip kasopanan tangtuna pakait, bisa dititénan tina ku ayana ajén-inajén anu nyampak tina wangun kasopanan basa. Tina omongan anu dikaluarkeun antara panyatur jeung pamiarsa tangtuna bakal kaciri tingkat kasopanan tina caritaanna. Antukna kasopanan mangrupa hiji hal anu kawilang penting sangkan nalika cumarita teu padu pok baé.

Nurutkeun Rahardi (2005, kc. 35) panalungtikan ngeunaan kasopanan nyoko kana kumaha larapna ngagunakeun basa (*language use*) tina hiji masarakat anu ngagunakeun basa nu tangtu. Masarakat nu dimaksud nyaéta masarakat tutur kalawan kasang tukang situasi sosial jeung budaya anu sarua. Anapaon anu ditalungtik tina panalungtikan kasopanan nyaéta tina maksud jeung fungsi omongan.

Umumna, ieu prinsip kasopanan aya hubunganna antara dua jalma tina hiji situasi anu bisa disebut salaku panyatur jeung pamiarsa. Tapi, salian hubungan panyatur jeung pamiarsa, panyatur ogé bisa nunjukkeun prinsip kasopanan ka pihak katilu boh aya boh henteu tina situasi omongan. Ku kituna, prinsip kasopanan anu nyampak teu waé bisa dipaké ku dua pihak, nalika aya patalina jeung pihak katilu tangtuna prinsip kasopanan nu nyampak bisa digunakeun (Leech, 1993, kc. 206).

Tina cara ngedalkeun hiji kalimah nu aya tina paguneman, dibédakeun jadi opat rupa, nyaéta aya omongan langsung, omongan teu langsung, omongan literal, jeung omongan iliteral. Omongan langsung nyoko kana omongan atawa ucapan anu langsung ti panyaturna, omongan anu teu langsung nyoko kana omongan atawa ucapan nu teu langsung ti panyaturna, ari omongan literal nyoko kana runtusan kecapna, sedengkeun iliteral ngandung harti teu sarua jeung kecap anu ngawangunna (Sudaryat, 2016, kc.42)

Firmansyah (2011, kc. 3) tina panalungtikanna nétélakeun yén prinsip kasopanan anu direumpak bisa ngabalukarkeun ayana komunikasi anu teu lancar nepi ka ayana pasalia paham, tapi salian ti éta justru bisa dijadikeun salaku sarana humor. Ari Kusno (2015, kc. 88) tina panalungtikanna nétélakeun yén prinsip kasopanan anu direumpak bisa ngabalukarkeun hiji panyatur keuna kanu hukum.

Panalungtikan ngeunaan prinsip kasopanan saméméhna geus aya nu ngalaksanakeun nyaéta “Prinsip Kasopanan dina Carita Nyambung *Dirawu Kélong* Karya Ahmad Bakri Pikeun Bahan Pangajaran Paguneman di Kelas VII SMP” (Durannajah, 2015), ieu panalungtikan medar ngeunaan prinsip kasopnan nu mana nyokot data na tina paguneman nu aya tina Carita Nyambung *Dirawu Kélong* nu satulunya dipatalikeun jeung pangajaran kelas VII SMP salian ti éta ogé nalungtik ngeunaan adegan basana. Aya ogé panalungtikan séjén nyaéta “Prinsip Kasopanan dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* Karya Karna Yudibrata” (Julian, 2021) ieu panalungtikan teu jauh béda jeung nu diluhur, nu ngabédakeunna nyaéta aya tina objék panalungtikanna, nu mana tina ieu panalungtikan nyokot paguneman nu aya tina kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* nu satulunya nalungtik ngeunaan maksud polah ucap. Salian ti prinsip kasopanan aya ogé panalungtikan séjén nu masih patali jeung prinsip kasopanan nyaéta aya “Prinsip Gawé Bareng jeung Sifat Omongan dina Kumpulan Carpon *Murang Maring* Karya Godi Suwarna” (Mauldhini, 2022).

Sanajan panalungtikan ngeunaan prinsip kasopanan téh geus aya. Tapi, unggal panalungtikan boga ulikan anu béda. Ku kituna, tina ieu panalungtikan anu baris dilaksanakeun boga maksud pikeun ngajembarkeun pangaweruh ngeunaan prinsip kasopanan hususna kana nu makéna basa. Sasaruan ieu panalungtikan jeung nu séjénna nyaéta maluruh harti nu aya dina paguneman unggal tokoh. Ari bébédaanna

nyaéta tina sumber data anu dipaluruh, nu mana sumber data tina ieu panalungtikan nyaéta Novél *Surat Wasiat* Karya Samsoedi nu satuluyna nalungtik ngeunaan sipat omongan. Ku kituna, dumasar kana kasang tukang pasualan anu geus dipedar saméméhna, panalungtikan ngeunaan “Prinsip Kasopanan jeung Sipat Omongan dina Novél *Surat Wasiat* Karya Samsoedi” masih perlu jeung penting diayakeun.

1.2 Identifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Sabada ngaguar kasang tukang diluhur, tina novél tangtuna aya omongan tokoh hiji jeung tokoh lianna. Omongan anu nyampak tina novél pakait jeung kecap, kalimah, jeung tata basa, kaasup ogé harti atawa ma’na. Dina omongan ogé perlu ditinggali kumaha larapna prinsip kasopananna naha ngarempak atawa ngukuhan. Salian ti éta ogé naha sipat omonganna langsung atawa teu langsung. Ku sabab kitu, hiji bacaan bisa mangaruhan ku cara méré ajén positif kana pamahaman ngeunaan kasopanan basa.

1.2.2 Rumusan Masalah

Nilik kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi pasualan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha larapna omongan nu ngukuhan jeung nu ngarempak prinsip kasopanan dina paguneman novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi?
- b. Kumaha omongan dina maksim prinsip kasopanan dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi?
- c. Kumaha sipat omongan dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang tur rumusan masalah anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan teu sagawayah dilaksanakeun lamun henteu miboga tujuan. Tujuan dina ieu panalungtikan téh aya dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan anu dihontal tina ieu panalungtikan téh pikeun manggihan jeung ngadéskripsiun prinsip kasopanan ngaliwatan omongan nu nyangkaruk dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.

1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti tujuan umum, ieu panalungtikan miboga tujuan husus, eusi deskripsina ngawengku di handap ieu.

- a. Omongan nu ngukuhan jeung nu ngarempak prinsip kasopanan dina paguneman novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.
- b. Omongan dina maksim prinsip kasopanan dina unggal paguneman nu kaasup prinsip kasopanan dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.
- c. Sipat omongan kana kagitan paguneman dina novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngawengku dua aspek nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat ieu panalungtikan sacara tioritis dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan prinsip kasopanan. Salian ti éta ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong kana kapentinganmekarna élmu basa, hususna élmu pragmatik, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun leuwih teleb deui boh kana sasaran anu sajinis boh sasaran anu séjénna. Sacara akademis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun pagaweruh anu jembar ngeunaan prinsip kasopanan

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat ieu panalungtikan sacara praktis bisa diwincik saperti ieu di handap.

- a. Pikeun pangajaran, Ieu panalungtikan ogé bisa jadi ambahan pikeun alternatif bahan ajar ngeunaan pragmatik.

- b. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa ngamekarkeun wawasan jeung pangaweruh ngeunaan prinsip kasopanan utamana dina paguneman nu digunakeun tina kahirupan kumbuh sapopoé.
- c. Pikeun balaréa, salaku bahan pieunteungeun kana ajén-ajén kasopanan anu aya dina paguneman novél *Surat Wasiat* karya Samsoedi.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan diwangun ku lima sistematika tulisansaperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II ulikan Tiori, eusina pedaran prinsip kasopanan jeung sipat omongan dina pragmatik nu ngawengku wangenan tur kalungguhan prinsip kasopanan, sipat omongan, jeung maksim prinsip kasopanan. Panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Métode Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumen panalungtikan.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku hasil panalungtikan nu mangrupa data prinsip kasopanan anu ngarempak jeung ngukuhan, maksim prinsip kasopanan, jeung sipat omongan, sarta pedaran.

BAB V Kacindekan jeung Saran eusina ngawengku kacindekan hasil analisis, impikasi jeung rékoméndasi.